

# Les 30 nafila extraits du livre intitulé "Khuratul ayni" écrit par :

**SERIGNE SOUHAÏBOU MBACKE**

Serigne Ibra Ndoye

*Nafila Bienfaits*

Nafila

# 1ère

Gouddi gui ndieuk ci wéérou Koor
(1 ére Nuit du mois de Ramadan)
Kouci diouli fouki Raka (10 Raka)
: Raka bouci nék Nga tari Fatiha
(1 fois) Tékk ci Inna anzalnahou
(2 fois) Al Kafirouna (2fois) ak
Ikhlass (2fois)

Serigne bi néna kouko déff:
"Inchallah YALLA danako haramal
ci Sawara Té bou gnaané
haadiom, YALLA danako fadie"

Serigne
Ibra
Ndoye

هذا كتاب قرة العيش

Nafila

# 2ème

Gnaarélou Goudi ci Wéérou Koor (2'eme Nuit du mois de Ramadan) : Kouci diouli diourom béni raka (6 rakas) ; Raka bouci né Nga tari Fatiha (1 fois) , tékk ci inna ahtaynaaka fouki yoone (10 fois)

Serigne bi néna kouko déff : " Inchallah Désnako diégal bakaaram yépp balamo diougué fam kadone défé. Té désnako bindal touyaabay diouniy (1000) hadj ak diouniy (1000) houmra ak kou goungué diouniy (1000) nééw ak kou diangue abb kaamil. Té désnako thia bindal yitam touyaabay diamoug yalla diourom gnaar foukki atte (70ans) "

Serigne Ibra Ndoye

هذا كتاب قرة العيش
في تمييز بعض فرائض العيش

Nafila

# 3ème

Gnatéélou Goudi ci wérou koor (3éme Nuit du mois de Ramadan) , Kouci diouli diourom béni raka (6 raka) raka bouci né nga tari Fatiha (1fois) ték ci ina anzalnahou (4fois) ak Kafirouna (4fois)

Serigne bi néna kouko déff "Inchallah Dana mélni kou goréél diouniy diaam ak kou diokh ndogou diouniy niou woor. Wodd diouniy niou raflé. Léél diouni niou khiif. Désnako thia bindal yitam touyaba diou tolouni limoub dianaaw yépp. Désnako défal liniouy défal diami yalla yi gueuneu baakh ak gni déé si kharé té désouniouko fitnal ci baméél. Té désouko mbougueul.

Serigne Ibra Ndoye

هذا كتاب قرة العيش
في تمييز بعض فرائض العيش

Nafila

# 4ème

Gnénetéélou goudi ci wéérou koor
(4éme Nuit du mois de Ramadan)
Kouci diouli gnénenti Raka (4 Raka)
Raka bouci nék nga tari Fatiha
(1 fois) nga tékk ci Kafirouna (3fois).

Serigne bi néna kouko déf "Inchallah
Désnako diégueul bakaram yépp
balamo diougué famoukadone dioulé.
Té désnako bindal touyaaba diou tolou
ni diamoug yalla diouniy nitt (1000
personnes.) "

Serigne
Ibra
Ndoye

هذا كتاب قرة العيش
في تمييز بعض فرائض العيش

Nafila

# 5ème

## Diouromélou goudi ci wéérou koor (5éme Nuit du mois de Ramadan) kouci diouli gnéneti raka (4 raka) Raka bouci né nga tari Fatiha (1 fois) nga ték ci Alam Nashra (1 fois) ak Ikhlass (3fois).

Serigne bi néna kouko déff "Inchalla Dana mélni kou hadje diouniy yoon (1000 fois) houmra diouniy yoon (1000 fois) désnako mouseul ci ag gnakk (Pauvreté). désna doli weurseugam. Té haraf wouciné désnako thia bindal gnaari malaaka (2 anges) youy far ay gnaawtééfam diko bindal ay yiww. Désnako thia yeukatil ay daradiaa ba bés bay délouciwaat déw'ene. Té bou faato désnako bindal touyaabay kou d'eé thji djihaad. Té désnako diégal bakaaram yépp. Té desnako mouseul thji métitou déé. té faw dana am ngueureumal yalla. Té bou faatou désnakou oubil ci baméélam bounti aldiana mou disa khéwlou ba kérog bésou pénthj ba"

Serigne Ibra Ndoye

هذا كتاب قرة العيش
في تمييز بخير وما يضر العيش

Nafila

# 6ème

## Diourom bénéélou goudi ci wéérou koor (6éme Nuit du mois de Ramadan) kouci diouli gnaari Raka (2 Raka) Raka bouci né nga tari Fatiha (1 fois) nga tékk ci Ikhlass (12 fois).

Serigne bi néna kouko déff "Inchallah mél nani kou diouli diouniy raka (1000 raka) ci makamatoul ibrahim. diouli ci diakay makka diouniy raka (1000 Raka). sarakhé diouniy deureum. Iéél diouni niou khiif. T'e bou gnaané désnako nangou. Mélnani yitt kou diokh ndogou khéétou yonénte bi sala lahou aleyhi wasalam wépp. Bou faatou yitt gnou
Serigne bi néna kouko déff "Inchallah mél nani kou diouli diouniy raka (1000 raka) ci makamatoul ibrahim. diouli ci diakay makka diouniy raka (1000 Raka). sarakhé diouniy deureum. Iéél diouni niou khiif. T'e bou gnaané désnako nangou. Mélnani yitt kou diokh ndogou khéétou yonénte bi sala lahou aleyhi wasalam wépp. Bou faatou yitt gnou
boléko ci gni déé ci djihaad té désnako mouseul thji métitou déé. Té baméélam désnakako défal mou bokk thia daaray aldiana ya. Té bouy dékki dana andak l'eér kou m'elni diante bi. Ta dana tabi aldiana té désouko khiisaab. té sa mbolom yonénte ya lay bokk bou euleugué"

Serigne
Ibra
Ndoye

هذا كتاب قرة العيش
في تمييز بغيض ورياض العيش

**Nafila**

# 7ème

Diourom gnaarélou goudi ci wéérou koor (7éme Nuit du mois de Ramadan) kouci diouli diourom béni raka (6 raka) raka bouci né nga tari Fatiha (1 fois) ték ci Kafirouna (7 fois) ak Ikhlass (7 fois)

Serigne bi néna kouko déff "Inchallah Laaya diouci né désnako thja bindal aw yiww. Dana mélni kou sarakh'e diouniy dinaar. Té loumou gnaane yalla mou maykako. Té désnako thja bindal touyaaba you tolou ni limoum béssou adouna yépp. Haraf wou thji né désnako thja tabakhal keur gou reuy thja aldiana.

Serigne
Ibra
Ndoye



Nafila

# 8ème

## Goudik diourom gnatéél ga ci wéérou koor (8éme Nuit du mois de Ramadan) kouci diouli gnaari Raka (2 Rakas) Raka bouci nék nga tari Fatiha (1 fois) nga ték ci Ikhlass (12 fois).

Serigne bi néna kouko déff "In-chaallah kharaf wou thji nék désnako thja bindal touyabay diamou yalla diouniy atte (1000 ans), Dana mélni yitt kou léél khéétou yonénte bi wépp salla lahou tahala haleyhi wa hala alihi wa sahbihi wasalama tasliman diourom gnaar foukki atte (70 ans) you matt, Boolé thja mandal léén , wodouléén, Mélnani yitt kou goréél diouniy diaam, Ta bousa gnaané yalla mou nangouko, Ta bouy dékki dana dékki waalé ag léér. Ta bouy diégui siraate ni ag mélakh lay mél. Ta désnako ramboulo diourom gnar foukki nitt (70 personnes) gno khamni sawara yayone naléén "

Serigne
Ibra
Ndoye

هذا كتاب قرة العيش
في تمييز بعض فرائض العيش

Nafila

# 9ème

## Goudik diourom gnéntéél ga ci wéérou koor (9'eme Nuit du mois de Ramadan) kouci diouli gnénti Raka (4 Rakas) Raka bouci nék nga tari Fatiha (1 fois) nga ték ci Tabat yada (3 fois) ak Ikhlass (1 fois).

Serigne bi néna kouko déff "In-chaallah désnako thja bindal touyabay mougnkatt yépp ak santekatt yépp. Ta dana mélni wathiéna ab kaamil. Ta désnako thja bindal touyabay kou diamou yalla diourom gnaar foukki atte (70 ans) yo khamni dako yéndo woor, fananéko diouli. Ta désna digueul gnari malaka (2 anges) youy farr ay bakaaram di binde ay touyabam ba béssou pégnthie ba (jour du jugement dernier) , Ta yalla dana nangou ay dioulém aki kooram. Ta danako dimbali, danako takhawou yittam ba kéne douko mana lor, Ta danako mousal thji saytaané ak ndiakkaré yépp, Ta bou bessou pénthie ba désnako boolé thja gnanga khamni dougnou djiss louléne di ragal lo ba louléne di diakk'lo. Ta désnako oubil diourom gnatti bountou aldiana yépp mou dougou thja bouko néékh Ta désouko khisaab"

Serigne
Ibra
Ndoye

هذا كتاب قرة العيش
في تمييز بعض فرائض العيش

# Nafila 10ème

Foukéélou goudi ci wéérou koor (1 O'eme Nuit du mois de Ramadan) kouci diouli gnéneti Raka (4 Raka) Raka bouci né nga tari Fatiha (1fois) te'k ci Ayatoul koursiyou (1 fois) ak ina anzalnahou fil laylatoul Qadr (12fois)

Serigne bi néna kouko déff "In-cha-allah Balamo diougué fam kadone dioulé désnako diégueul bakaram you ndieukk ak you moudiou. Té désnako bindal touyabay diourom gnaar fouki nitt (70 personnes) gnou déé thji djihaad. Té balamo guéne adouna dana moss lou bokk thji mégnéétou aldiana. Té désnako ramboulo diourom gnaar fouki nitte (70 personnes) gno khamni sawara yayone naléén"

Serigne Ibra Ndoye

هذا كتاب قرة العيش
في تمييز بعض رياض العيش

Nafila

# 11ème

Foukéélou goudi ak béne ci wéérou koor (11ème Nuit du mois de Ramadan) kouci diouli gnéneti raka (4 Raka) Raka bou ci né nga tari Fatiha (1 fois) ték ci Inna anzalnahou fil laylatoul Qadr (7fois) ak Kafirouna (7fois) ak Ikhlass (7fois). Bou seulmalé mou wakh "Laa hawla walaa houwata ilaa bil lahil haliyil hasim" (70fois). Sou paré mou téksi Al|ahouma salli hala sayidina Mouhamadin wa salim" (70 fois).

Serigne bi néna kouko déff "In-cha-allah Désnako diégal bakaaram you ndieuk ak you moudiou. Té laaya diouci nék désnako thia bindeul touyaabay diamou yallak am atte. Dana mélni yitam kou goréél diouniy diaam. Sarakhé diouniy dinaar. Réggal diouni niou khiif. Woddou diouni niou raflé. Té lépp lou nékk thji kaw souf danako diégaloul yalla moo kham lou woww wala lou tooy. Té désnako mouseul thji balaa ak fittna ak abb khiif ak ragg ak sadoum djiné. Té désnako mouseul thji métitou déé. Té dana tabbi Aldiana té désouko khisaab."

Serigne Ibra Ndoye

هذا كتاب قرة العيش

Nafila

# 12ème

## Foukéélou goudi ak gnaar ci wéérou koor (12éme Nuit du mois de Ramadan) kouci diouli fouki Raka (10 Raka) Raka bouci né nga tari Fatiha (1 fois) ték ci Ikhlass (6fois)

Serigne bi néna kouko déff "Inchallah Désnako woutal thja aldiana diourom gnati diouniy sokhna (8000 femmes). Té désnako boolé thja Deukeundo yonént bi Mouhamed (s.a.w). Té mélnani kou diangue Tawréte ak inedjil ak saboor ak fourkhaan. Té yitt désnako diégal bakaaram yépp loumou bari bari donté tolouni dousou guédj gui. Té désnako thja bindeul touyaabay diamouk yalla diourom gnaar fouki atte (70ans). Mélnani yitt kou goorél diouniy diaam. Té bou bésou pénc baa désnako rambouloo louko soobe thji gni naroone dém safara. Ta dana tabbi aldiana té désouko khisaab.

Serigne Ibra Ndoye

هذا كتاب قرة العيش
في تمييز بعض فرائض العيش

Nafila

# 13ème

Foukéélou goudi ak gnatte ci wéérou koor (13'eme Nuit du mois de Ramadan) Kouci diouli gnaari Raka (2 Raka) Raka bouci né nga tari Fatiha (1 fois) ték ci Ikhlass (5 fois)

Serigne bi néna kouko déff "Inchallah Désnako tabakhal keur gou reuy thia aldiana loo khamni dana ame diourom gnaari néék (7 chambres) yoo khamni lépp wourouss laydoone. Néék bouci né dana ame diouniy lall (1000 lits) Lall bouci né béne sokhna (Une femme) dana thja néKk. Ta désnako thja bindeul touyaabay kou woor gnaar fouki atte (20 ans) ak kou diouli diouniy raka (1000 raka)"

Serigne Ibra Ndoye

هذا كتاب قرة العيش
في تمييز بعض فوائد العيش

Nafila

# 14ème

Foukéélou goudi ak gnénte ci wéérou koor (14ème Nuit du mois de Ramadan) kouci diouli diourom gnatti raka (8 Raka) raka bouci né nga tari Fatiha (1 fois) Nga ték ci Isaa diaaha (7fois)

Serigne bi néna kouko déff "Inchallah Dana mélni kou sarakhé diouniy dinaar. Goréél diouniy diaam. Lééł diouni gnou khiif. Ta désnako nangoul ag diouléém ak kooram. Té désnako mouseul thji bépou ayou adouna ak alahira. Té sou bésou pénthj ba dana bokk thja gninga khamni dougnou diakk dougnou tiite. Ta désnako ramboulo thja gna thja naron dém sawara. Louko soob mou yoboulène aldiana té désoulène khisaab."

Serigne
Ibra
Ndoye

هذا كتاب قرة العيش
في تمييز بغيض أمراض العيش

Nafila

# 15ème

Foukéélou goudi ak diourom ci wéérou koor(15éme Nuit du mois de Ramadan) kouci diouli diourom béni Raka (6 Raka) Raka bouci né nga tari Fatiha (1 fois) ték ci isaa diaaha (1 fois) ak Ikhlass (35 fois).

Serigne bi néna kouko déff "In-cha-allah Désnako nangoul ag diouléém ak kooram. Té lépp loumou masa déf thji ay gnaawtééf désnakako sopil ay yiww. Té haraf wouthji nék désnako thja tabakhal ab deuk bou magg thja aldiana. Mélnani yitt kou léél mboléém khéétou yonente bi Sala lahou tahala aleyhi wasalam."

Serigne Ibra Ndoye

هذا كتاب قرة العيش
في تمييز بعض فرائض العيش

Nafila

# 16ème

Foukéélou goudi ak diourom béne ci wérou koor (16éme Nuit du mois de Ramadan) kouci diouli gnaari raka (2 Raka) raka bouci né Nga tari Fatiha (1 fois) ték ci Issa zoulzilati (10 fois)

Serigne bi néna kouko déff "Inchallah Désnako thja bindeul touyaaba diou beuri. Té désnako diégueul bakaaram yépp. Bou nékone thji ndiakharé yitt yalla dana wagni diakharé la Té danako watou thji balaa yépp adouna ak alahira. Té désnako mouseul thji ak gnakk té dana dolli am koomam. Dana wathié thji mom yeurmandém. Té bouy tabbi aldiana thja gna guéne thji khéét wi lagnoukoy boolé."

Serigne
Ibra
Ndoye

هذا كتاب قرة العيش
في تمييز بعض فرائض العيش

Nafila

# 17ème

Foukéélou goudi ak diourom gnaar ci wéérou Koor (17ème Nuit du mois de Ramadan) kouci diouli fouki Raka ak gnaar (12Raka) raka bouci né nga tari Fatiha (1 fois) ték ci ina anzalnahou fil laylatoul Qadr (2fois) ak Ikhlass (2fois)

Serigne bi néna kouko dédg "Inchallah Désnako bindeul touyaaba diou tolouni limoube ka ndieuka kham yalla ba kiko moudia kham. Bou féké dafa tawatoone dana wérr. Bou améwoone borr yalla danako faye. Bou nékone thji ndiakharé, yalla dana wagni ndiakharé la té désnako mouseul thji safara."

Serigne Ibra Ndoye

هذا كتاب قرة العيش
في تمييز بعض فرائض العيش

Nafila

# 18ème

**Foukéélou goudi ak diourom gnatt ci wéérou koor (18ème Nuit du mois de Ramadan) kouci diouli fouki Raka (10 Raka) Raka bouci né nga tari Fatiha (1 fois) ték ci Sabihisma (1 fois) ak Kafirouna (1 fois) ak Ikhlass (1 fois).**

Serigne bi néna kouko déff "In-cha-allah Mélnani kou mom adouna sépp ak lisi biiram ba nopi dound'eko ci yoonou yalla. Té haraf wouci né désnako thja tabakhal deukk bou reuy thja aldiana. Mélnani yitt kou diaamou yalla diourom gnaar fouki atte (70 ans) yo khamné dako yéndo woor di fanano diouli. M'elnani yitt kou diangue Al Hurane téméri yoone, hadj téméri yoone, houmra tééméri yoone. Té désnako bindal touyaaba dio khamné yalla rék mo kham namou tolou. Té bala guéne adouna dana guis keureum thja aldiana. Té bou béss pénc baa dou guiss loumou raggal wala loukoy diakk lo ba bamouy tabbi aldiana"

Serigne
Ibra
Ndoye

هذا كتاب قرة العيش
في تمييز بعض فرائض العين

Nafila

# 19ème

Foukéélou goudi ak diourom gnénte ci wéérou koor (19ème Nuit du mois de Ramadan) kouci diouli diourom béni Raka (6 Raka) Raka bouci né nga tari Fatiha (1 fois) ték ci Ikhlass (7 fois)

Serigne bi néna kouko déff "Incha-allah gogou diouli ag payam moodi aldiana. Té kouko déf yalla danako mouseul thji lépp loumou raggal. Té bou gnaané haadiom yalla danakako fadial. Té saytaané danakoy daw ta faw dana déé yaalé ag Nguém. Ta kouréél bay diaka tabbi Aldiana thialay bokk.."

Serigne
Ibra
Ndoye

هذا كتاب قرة العيش
في تمييز بعض فرائض العيش

**Nafila**

# 20ème

Gnaar foukéélou goudi ci wéérou koor (20ème Nuit du mois de Ramadan) kouci diouli diourom gnatti Raka (8 Raka) Raka bouci nék nga tari Fatiha (1 fois) tékk ci Ikhlass (3fois)

Serigne bi néna kouko déff "In-chaallah Désnako bindeul touyaaba diou toloni limoub mboolém lou nitte masa déf thji lou baakh. Té désnako diégueul mboolém bakaaram yépp you ndieuk ak you moudl'ou. Té yalla danako mouseul thji leundeum leundeumou baméél. Té bouy douggou aldiana yonénte bi sala lahou tahala aleyhi wasalam lay andal."

Serigne
Ibra
Ndoye

هذا كتاب قرة العيش
في تمييز بغيض رياض العيش

Nafila

# 21ème

Gnaar foukéélou goudi ak béne ci wéérou koor (21ème Nuit du mois de Ramadan) kouci diouli gnénti Raka (4 Raka) Raka bouci né nga tari Fatiha (1 fois) tékk ci Ikhlass (20fois)

Serigne bi néna kouko déff "In-chaallah Mélnani kou mom adouna ak lathia biiram doundéléko thji yoonou yalla. Mélnani yitt kou diangue tééré yi mouy Tawréété, Inedjil, Saboor ak Four'haane. Té souy guéne adouna dana mélni béss bamou dioudo thji gnakk bakaar."

Serigne Ibra Ndoye

هذا كتاب قرة العيش
في تمييز بعض امراض العيش

Nafila

# 22ème

Gnaar Foukéélou goudi ak gnaar ci wéérou koor (22ème nuit du mois de Ramadan) kouci diouli gnaari Raka (2 Raka) Raka bouci né nga tari Fatiha (1 fois) tékk ci Sabi'hisma (3fois) ak Ina anzalnahou (3fois) ak Ikhlass (3fois) ak Falahi (3fois) ak Nasi (3fois)

Serigne bi néna kouko déff "In-chaallah yalla danako tabakhal thja aldiana diourom gnaar fouki deuk yo khamni diouniy keur dana thja nék. Keur gou nék diouniy négg dana thja nék. Nééǵ yo khamné wourous ak xaaliss lagnouy doone. Té nééǵ bouci né diouniy |a|| dana thja né. Té lall bouci nék ab sokhna danathja nék"

Serigne Ibra Ndoye

هذا كتاب قرة العين
في تمييز بعض فرائض العين

**Nafila**

# 23ème

Gnaar foukéélou goudi ak gnatt ci wéérou koor (23ème Nuit du mois de Ramadan) kouci diouli gnénti Raka (4 Raka) Raka bouci né nga tari Fatiha (1 fois) tékk ci Isédiaha nasrou lahi (5fois) ak Ikhlass (5fois).

Serigne bi néna kouko déff "In-chaallah Désnako diégueul bakaaram yépp. Té désna digueul gnaari malaka (2 anges) youy far ay gnaawtéfam diko bindeul ay yiww ba béss ba délou si thja att masi téggou. Té sou faato ci diganté bi désnako bindeul touyabay kou déé thji djihaad. Té dina dékiwaalé ag léér. Té bouy diéggui chiraate ni agg mélakh lay mél"

Serigne Ibra Ndoye

هذا كتاب قرة العين
في تمييز بعض فرائض العين

Nafila

# 24ème

Gnaar Foukéélou goudi ak gnénte ci wéérou koor (24ème Nuit du mois de Ramadan) kouci diouli diourom béni Raka (6 Raka) Raka bouci né nga tari Fatiha (1 fois) ték ci Ikhlass (3fois).

Serigne bi néna kou déff nafila gui "In-cha-allah dana tabbi aldiana té désouko hisaab"

Serigne
Ibra
Ndoye

هذا كتاب قرة العيش
في تمييز بعض فرائض العيش

Nafila

# 25ème

Gnaar foukéélou goudi ak diourom ci wérou koor (25ème Nuit du mois de Ramadan) kouci diouli diourom gnatti Raka (8 Rakas) Raka bouci né nga tari Fatiha (1 fois) ték ci Ikhlass (4fois).

Serigne bi néna kouko déff "In-chaallah Balamo diougué famoukadone déffé yalla souniou borom danako diégueul bakaaram yépp té douko masa mbougueul moukk."

Serigne Ibra Ndoye

هذا كتاب قرة العيش
في تمييز بعض فرائض العيش

**Nafila**

# 26ème

Gnaar foukéélou goudi ak diourom béne ci wérou Koor (26ème Nuit du mois de Ramadan) kouci diouli foukki Bake (10 Raka) Raka bouci né nga tari Fatiha (1 fois) ték ci Al haari'atou (1 fois) ak Ikhlass (5 fois) Bou noppé mou diégalou yalla loumou mane.

Serigne bi néna kouko déff "In-chaallah Désnako mouseul thji safara. Dana mélni kou woor diiroub diamono diépp. Té désnako bindeul touyaba diou tolouni limoub mindéf yépp ak khobi garab yépp ak touyaaba diou féés diganté asamane ak souf. Té bou dékké désnako boolé ak Djibril, ak mikaahil ak asraafil ak Ismahil gnou goungué ko ba tabbal ko Aldiana."

**Serigne Ibra Ndoye**

هذا كتاب قرة العيش
في تمييز بعض فرائض العيش

Nafila

# 27ème

Gnaar foukéélou goudi ak diourom gnaar ci wéérou koor (27ème Nuit du mois de Ramadan) kouci diouli Foukki Raka ak gnaar (12 Raka) Raka bouci né nga tari Fatiha (1 fois) tékk ci Ina anzalnahou(10fois).

Serigne bi néna kouko déff "In-chaallah désnako bindeul touyaaba diou tolouni béssou Adouna yépp. Té bou dékkéé thja mboolom yonénte yi lagnoukoy boolé"

Serigne Ibra Ndoye

هذا كتاب قرة العيش
في تمييز بعض فرائض العيش

Nafila

# 28ème

Gnaar foukéélou goudi ak diourom gnatt ci wéérou koor (28ème Nuit du mois de Ramadan) Kouci diouli gnénti raka (4 Raka) Raka bouci né nga tari Fatiha (1 fois) ték ci Watiini (5fois) ak Kafirouna (5fois) ak Ikhlass (5fois). Bou noppé mou diégalou Yalla loumou mane.

Serigne bi néna kouko déff "In-chaallah Désnako diégueul bakaaram you ndieuk ak you moudiou"

Serigne Ibra Ndoye

هذا كتاب قرة العيش
في تمييز بعض فرائض العيش

Nafila

# 29ème

Gnaar foukéélou goudi ak diourom gnénte (29ème Nuit du mois de Ramadan) kouci djouli Limou djouliwon thia goudig gnaar foukéél ga ak diourom gnatt (28éme Nuit) manaam Gnéneti Raka (4Raka) Raka bouci nék mou tari Fatiha (1fois) ték ci Watiini (5fois) ak Kaafirouna (5fois) ak Ikhlass (5fois).

Serigne bi néna kouko déff "In-chaallah Désnako djégueul bakaaram you ndieuk ak you moudiou."

Serigne Ibra Ndoye

هذا كتاب قرة العيش
في تمييز بعض فرائض العيش

Nafila


# 30ème

Goudig faneweéér ga ci weéérou koor (30ème Nuit du mois de Ramadan) kouci diouli diourom béni raka (6 Raka) Raka bouci nék nga tari Fatiha (1 fois) ték ci Ikhlass (11fois).

Serigne bi néna kouko déff "In-cha-allah Yalla danako tabakhal Keur thja Aldiana"

Serigne
Ibra
Ndoye

هذا كتاب قرة العيش
في تمييز بعض فوائد العيش


Qu'ALLAH dans sa générosité
infinie accepte notre jeûne
et nos nafila Allahouma amine !
SERIGNE MOUNTAKHA
BASSIROU MBACKE
yalla nafi yague lool
té ande ak wérr
"KOORU DIAM"
Par: Serigne Ibra Ndoye
BON RAMADAN
"KOORU DIAM"
Serigne
Ibra
Ndoye